



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 9 janvyè 2014

TRANSKRIPSYON OKONPLÈ: DISKOU 2014 GOUVÈNÈ CUOMO SOU SITIYASYON ETA A

Mèsi. Mèsi, mèsi anpil e mwen swete yon bòn ane a nou tout. Premyèman pandan nap kòmanse an nou bat bravo pou Pat paske li te vini la e li te pataje istwa l. E Abbey mèsi anpil e mèsi ankò paske wap anseye elèv nou yo. An nou bat bravo pou Abbey. Pou gwo mèt seremoni jodia, yon Lyetnan Gouvènè eksepsyonèl, yon gwo sèvitè piblik li te toupatou nan eta pandan twa ane; pa gen moun ki travay pi di oswa pi byen pase Lyetnan Gouvènè Bob Duffy. An nou bat bravo pou li. Gran kontwolè nou an ak ansyen manm lejislati nan Eta New York, Tom DiNapoli, se yon plezi pou mwen avèk ou. Avoka Jeneral Eric Schneiderman k ap fè yon travay fantastik pou Eta New York, se yon plezi pou mwen avèk ou Avoka Jeneral. Yo te entwodui yo deja, men mwen pa ka twò mete aksan sou koperasyon patenarya avèk lidè lejislativ yo, nou te genyen yon gwo twazan. Sa pa tap posib si moun sa yo pa t fè sa yo fè a endividyèlman ak travay ansanm fason yo fè a kòm yon pwen privilèj pèsònèl, Mwen vle remèsye yo pou jantiyès yo montre anvè m. Lidè Sena Dean Skelos, Prezidan Sheldon Silver, Lidè endepandan Jeff Klein. Nou kontan egalman paske nou genyen avèk nou Lidè Minoritè Asanble a Brian Kolb ak Lidè Minoritè Sena a Andrea Stewart-Cousins, se yon plezi pou mwen avèk nou. A manm yo nan tribinal la. Jij anchèf mèsi, manm yo nan tribinal la mèsi anpil paske ou te avèk nou epi mèsi pou bon sèvis ou. A Gouvènè David Patterson, nimewo 55, an nou ba li yon lòt aplodisman. Remèsye l pou bon sèvis li. Epi ankò Bòn ane a nou tout. Mwen panse li pral yon ane rekò pou Eta New York e se de sa mwen ta renmen pale avèk ou jodia, ki kote nou prale nan 2014. Men gen yon ansyen pwovèb ki di, anvan ou pa t vrèman konnen ki kote ou ta prale, jiskaske ou konnen ki kote ou te ye. E nou ta dwe kòmanse ane sa a avèk yon koutje dèyè lè nou te fenk vini nan sal sa twazan de sa.

Eta New York te nan difikilte e gouvènman Eta New York te literalman yon blag nan moman sa a nan pwogram televizyon byen ta lannwit. Se te osijè eskandal, li te sou akizasyon, li te sou malfonksyonman. Men pi mal toujou se pa sèlman yon moman inatansyon. Sa yo se pwoblèm estriktirèl fondamantal ki te la depi lontan lontan epi kounye a pwoblèm lan vin deklanche. Li te kòmanse avèk yon reyalyte senp eta te depanse twòp lajan. Eta a depanse plis lajan pase sa moun yo touche nan eta. Epi se pat pandan sèlman youn oswa de ane, men li te literalman konsa depi plis pase swasant ane. E si w depanse anpil alòs ou pral genyen pou peye taks sou anpil. E nou takse anpil. E kòm yon rezilta taks nou yo vini piwo nan peyi a e nou te peye yon pri pou taks elve sa yo. Moun ki nan biznis yo te kite eta a. Anplis de sa, pou plizyè deseni, Albany te vini yon senbòl pou blokaj. Lontan anvan Washington D.C. te mete blokaj nan premye paj yo, nan istwa Albany se te blokaj. Epi li te toujou rive nan moman bidjè a. Poukisa?

Haitian Creole

Paske se la lajan ye epi li te anreta pandan plis pase yon peryòd trant ane pou venntwa ane nou te genyen yon bidjè anreta. Bidjè a an mwayèn te anreta de senkant jou.

Eta New York te pèdi chemen l. Nou te depanse plis lajan epi nou te aktyèlman ap jwenn mwens rezilta pou moun nou ta dwe ap ofri sèvis anpremye, paske gouvènman te vini pi sousye avèk enterè espesyal ak kontribisyon yo pase moun ak pwoblèm yo. E echèk gouvènman sa yo pa t nan abstrè, li pat sèlman nan kad gouvènman an. Yo te genyen efè negatif reyèl e moun yo nan eta te soufri. 852,000 moun nan chomaj, pi gwo kantite depi gwo depresyon an. Taks pwopriyete, sa ki pi elve nan peyi a. Pati Nò nan peyi a te nan chit lib. Nou te preske rive nan yon gwo trou san fon. Avni eta te pandye nan balans lan, literalman. E sinik ak moun kap pale yo te di ke nou te ale twò lwen. Epi pa t genyen okenn fason ke nou te ka vire bato eta nan yon lòt direksyon. Men nou te konnen ke richès favorize moun ki pa pè pou yo fonsse epi New Yorkè yo konnen kijan pou yo pran chans yo. Nou te fikse objektif nou byen wo; nou te di ke nou ta pral restore opòtinite ekonomi nou an nan eta New York. Nou te di ke nou ta pral ranplase malfonksyonman avèk rezilta. Ke nou ta pral mete moun anvan politik e nou ta pral re-etabli New York kòm lidè pwogresif nan peyi a yon fwa ankò Nou te sispann pale epi nou te kòmanse travay. Epi nan twazan zanmi mwen, nou te ranvèse deseni deklèn ak fè pwogrè espektakilè ke yo pa kapab nye. Pou premye fwa nan istwa politik modèn eta a gen disiplin fiskal reyèl nou te kenbe depans yo a 2%. Pou premye fwa nan karant ane, depans pi ba to enflasyon ak pi ba pousantaj kwasans revni pèsonèl. E akòz nou te depanse mwens, nou ka enpoze mwens taks epi nou te fè sa. Chak New Yorkè peye mwens taks sou revni jodia ke yo te peye nan twazan ki sot pase a lè nou te kòmanse vwayaj la.

Nou genyen kounye pousantaj klas mwayèn ki pi ba depi pase swasant ane epi nou pa sèlman genyen yon to taks ki pi pa, nou genyen yon kòd taks ki ekitab. Nou te ale de yon taks estanda nan eta New York, kote tout moun peye menm pousantaj revni an, kelkeswa kantite lajan yo touche a yon to pwogresif ki pi ekitab pou moun yo nan eta sa a. Apre ven ane esè nou te pase premye barèm sou taks kay nan eta. E pou premye fwa nan trant ane, nou te kraze blokaj ki te frape Albany epi nou te pase twa bidjè youn dèyè lòt atan. Apre anpil ane nan move direksyon nou te evalye yon pwosesis reyèl evalyasyon pwofesè ki konsantre sou pèfòmans olye ke tou senpleman kwasans biwokrasi. Apre trant ane nan pale nou te pase jwèt kazino ki pral pote yon lavni ekonomik nan kèk pati nan eta sa a ki t ap soufri pandan twò lontan. Apre anpil deseni konfli, nou te renouvle espri patenarya nou avèk pèp Endyen an toupatou nan eta epi an nou pran yon ti tan pou nou rekonèt reprezantan pèp sa a Ray Halberdier ki soti nan nasyon Oneida nan New York. Ron La France nan Saint Regis Mohawk, Beverly Cook nan Saint Regis Mohawk ak Mike Kimelburgh nan nasyon Seneca. Mèsi, mèsi paske w te vini avèk nou la jodia.

Nou te di nou ta pral fè New York vin gen plis sekirite e nou te fè sa. Nou te pase lwa refòm bon sans sou zam avèk lwa New York SAFE. Nou te etabli yon baz done ADN sou tout krim. Nou te etabli yon lwa ki di pou pa tèks pandan wap kondwi. Nou te di nou ta pral rann New York pi ansante epi nou te fè sa. Nou te bay asirans sante a plis pase 265,000 New Yorkè atravè health exchange nou an e li travay, li travay byen. Nou te di nou pral fè New York vin pi pwòp e nou te fè sa, nou te ouvri yon Green Bank pou \$1 bilyon dola e nou te ajoute plis lajan nan fon pou pwoteje anviwonman. Nou te di nou pral fè New York vin pi entelijan e nou te fè sa. Nou te elaji jounen lekòl Pre-K, rekonpanse pèfòmans pwofesè yo e nou te lanse SUNY ak CUNY 2020. Nou te di nou pral fè New York vin pi ekitab e nou te fè sa. Nou te ogmante

Haitian Creole

salè minimòm lan, nou te fèmen etablisman prizon jivenil yo, nou te ouvè sant jistis e nou te pase lwa egalite nan maryaj.

Prev la se nan pouding lan e flèch yo monte anwo, nou te ajoute 380,000 nouvo djòb nan sektè prive a depi 2010. New York klase kounye an dezyèm pozisyon nan peyi a nan kantite travay ki kreye depi resesyon an pou rive jodia pandan nou chita la jodia nou genyen plis travay nan sektè prive a nan eta New York pase anvan nan istwa eta New York. Ekspòtasyon yo monte nan nivo 15% klasman kredi nou monte nan tout twa ajans yo nan yon moman kote klasman ajans yo ap degrade gouvènman yo toupatou nan peyi sa a. Toulè twa ajans klasman yo gen yon rega pozitif pou eta New York. E akòz travay ak ekspòtasyon klasman nou monte chomaj diminye nan chaj rejyon nan eta New York. Nou te bay New Yorkè yo yon gouvènman ki koute mwens, mwens taks e aktyèlman ki reyalize plis pou moun ki nan bezwen yo.

Pwogrè a se pa sèlman nan chif yo. Ou ka santi l nan chak rejyon nan eta nou an. Nan anba Hudson yap pale ou sou nouvo pon New York la k ap parèt apre 20 ane diskisyon e nan Utica yo pral pale w sou nouvel jenerasyon nano-teknoloji. Menm nan de rejyon eta ki te bezwen plis èd nan twa ane ki sot pase yo pati lwès New York ak nan Nò peyi a; yo gen diferans plas nan sèlman twa ane. Pati Lwès New York nan mitan yon tranzisyon enteresan. Repiblik izin asye a ki te fèmen nan ane 1984 sa ki te senbòl pwen fèb nan Buffalo jodia se menm sit la kote RiverBend ap monte. Yon nouvo izin enèji pwòp R&D ki pral bay plizyè santèn travay nan Buffalo. Gen menm siy nan syèl Buffalo de yon espès ke yo te panse ki te disparèt nan Buffalo, trepye. Yo rekòmanse vole ankò nan syèl Buffalo. Nouvel editoryal Buffalo, lavèy nouvel ane, pat kapab di l pi bon pase sa. “Nan Buffalo pou anpil deseni nòm nan te yon akseptasyon melankolik ke nou tap viv nan yon dezyèm vil klasman avèk yon to katryèm pozisyon nan ekonomi an epi pat genyen anyen pou te fè nan sa se te sèlman jemi. Pandan peryòd yon ane figi pal la te soti e pati lwès New York ap kòmanse rejwenn konfidans nan vil yo a ak direksyon ke lap pran, li kalifye tankou istwa ane a, petèt istwa deseni an.” Konpliman a Majistra Bryon Brown, konpliman a Egzekitif konte a Poloncarz a Howard Zemsky a Satish Tripathi ki te fè yon bon travay. Nan Nò peyi a, se menm bagay, Nò peyi a te neglije pandan lontan pa Albany men genyen yon lavi ekonomik tounèf ke Enstiti Trudeau se yon rezo biyoteknoloji nivo klas mondyal kap parèt, pral genyen yon nouvo otèl nan Saranac Lake. Etablisman modèn Bombardier nan Plattsburgh ap fè anpil pwogrè. Nò peyi a gen yon nouvo avni. Epi an nou bat bravo pou nouvo direksyon yo a.

Twa ane de sa, Kapitol la te literalman ak figirativman ap depafini. Jodia li klere pi byen pase anpil deseni de sa, ou koupe riban an sou nouvo Kapitol la epi ou ta dwe fyè. Nou te fè sa nou di nou tap fè a tankou ofisyèl ki eli yo pa gen okenn deklarasyon ki kapab fè w pi fyè pou di lè w ka gade moun yo nan eta sa a epi di nou fè sa nou te di nap fè a, nou te chanje direksyon eta sa pou pi bon epi nou te konplimante nou tout e an nou pran yon moman pou nou rekonèt yon fwa ankò Lidè kowalisyon Majorite Sena Dean Skelos, prezidan Asanble a Sheldon Silver ak Lidè Sena Jeff Klein. Tanpri kanpe jantiman kidonk nou ka bat bravo pou ou.

Kounye a nou genyen plis bagay pou nou fè, men nou fòtifye pa yon nouvo sous enèji, yon nouvo fyète ak yon nouvo konfidans. Epi an nou bati sou dosye siksè sa. Pou Eta New York yon travay se travay.

Haitian Creole

Estrateji kwasans travay nou nan tout eta kòmanse avèk yon teyori pou redwi taks de wo anba restriktirasyon finansyè nan eta nou an te aktyèlman ankourajan. Lè nou te la twa ane de sa, nou tap gade a \$10 bilyon dola defisi, sa te istorik. E li te fè nou tout tranble nan bòt nou. Mwen konnen mwen te gen sansasyon sa. Nou te soti nan yon defisit \$10 milya pou rive nan yon benefis \$2 milya dola nan twazan sèlman. Ane sa a avèk puosantaj barèm depans de pousan, nou ka ogmante investisman nou yo nan edikasyon, swen sante, devlopman ekonomik epi nou ka toujou bay plis soulajman nan taks. Nou te fòme yon komisyon bi-pati Pataki-McCall pou soulajman taks ki te fè bon travay; yo te fè pwen debaz ke eta pa gen avni ekonomik kòm kapital taks nan peyi a. Moun yo deplase e biznis yo soti. Kidonk an nou kontinye fè eta nou an vini pi konpetitif, an nou koupe chaj taks sou biznis yo, pousantaj kòporasyon taks New York aktyèlman 7.1%, an nou koupe l a 6.5%, sa ki ta pi bay nan to kòporasyon depi 1968 e li reyèlman voye yon siyal fò pou biznis yo ki di sa se yon jou diferan e nou pral fè l nan yon fason diferan. An nou pase yon taks kredi pou manifakti yo pou 20% nan responsabilite taks pwopriyete antrepriz yo. New York se youn nan kenzen eta sèlman yon taks sou pwopriyete ak nivo egzansyon nou an pami sa ki pi ba e pousantaj nou yo pami sa ki pi wo yo. An nou elimine “move to die tax” kote moun yo literalman kite eta nou an, ale nan yon lòt eta pou fè planifikasyon imobilye. Nou pwopoz pou ogmante taks sou lavant nan New York ak diminye to a pou rete nan menm nivo avèk lòt eta yo. Nou bezwen tou yon taks kredi pou lokatè yo sa ki pral ede New Yorkè yo peye pou lojman k ap monte ke yap fè fas. Ak yon Circuit breaker ki se yon taks kredi sou pwopriyete pou ede New Yorkè yo ki gen revni fèb ak mwayen sou kapasite yo pou peye.

Komisyon Pataki-McCall rekòmande yon sispansyon nan taks sou pwopriyete pou dezan pou ede pwopriyete kay yo ak ankouraje gouvènman lokal yo pou redwi depans lan. Yon sispansyon nan taks sou pwopriyete, men sèlman si de kondisyon enpòtan yo satisfè. Nan premye ane a, lokalite a ap rete nan barèm de pousan epi nan dezyèm ane a ap pran etap ki konkrè pou redwi frè yo atravè sèvis ki pataje ak oswa konsolidasyon Paske pandan nap redwi taks yo zanmi mwen nou dwe takle yon gwo pwoblèm estrikti ki se pwoliferasyon ak depans gouvènman lokal yo. Chaj taks prensipal eta New York se pa taks sou revni, se taks sou kay yo. Nou ogmante apeprè \$40 bilyon dola pa ane taks sou revni epi nou ogmante \$50 bilyon dola nan taks sou kay. E se de taks sa ke wap tandè New Yorkè yo plenyen de yon bout eta nan yon lòt. Enfèt, kèlkeswa jan ou gade l, New Yorkè yo pa sèlman peye yon taks elve sou pwopriyete; yo peye taks sou pwopriyete ki pi elve nan peyi Etazini. Literalman, peye taks sou pwopriyete ki pi elve nan peyi a nan konte Westchester nan dola absoli. Lè w gade sou pousantaj valè kay, pri ki pi wo a se nan rejyon Nò New York, literalman nan peyi a. Kidonk poukisa taks sou kay nou yo pi wo? Paske nou genyen twòp gouvènman lokal e nou genyen yo pandan twò lontan.

10,500 gouvènman lokal, sa yo se bouk, vilaj, ponpye, distri dlo, bibliyotèk, do egou, yon distri sèlman pou konte lòt distri yo nan ka kote ou ta bliye yon distri. Nou genyen yon pwoliferasyon gouvènman ki chè anpil epi ki koute chè. Kounye a eta te agresif anpil nan eseye alevye chaj la nan gouvènman lokal yo. Nou te asime plis depans lokal ke gouvènman eta pa janm fè nan istwa politik modèn. Nou te asime yon depans \$1.2 bilyon dola nan kwasans Medicaid. Nou te finanse \$700 milyon dola nan asistans a lokalite yo, Ranje VI refòm nan pansyon te fè yon gwo diferans pou gouvènman lokal yo. Nou te ofri a gouvènman lokay yo ki pa jwenn èd finansye pou yo fonksyone si yo te travay avèk komite restriktirasyon finansye nou an. Lè Mwen te Avoka Jeneral, premyèmman mwen te parèt pi jèn lè mwen

te Avoka Jeneral. Aktyèlman nou te pase yon lwa ki rann konsolidasyon an pi fasil pou gouvènman lokal yo. Depi nou te pase lwa sa konbyen gouvènman lokal ki te aktyèlman konsolide? Tom Libous jwenn li, de fwa.

Li tan pou nou sispann fè eskiz li tan pou nou kòmanse fè pwogrè si lokalite a vle taks kredi eta sou pwopriyete li dwe fèt. Nou te wè lyezon finansman eta travay byen. Sonje lè nou te fè evalyasyon pwofesè yo premye ane a e nou te mande chak distri pou ranpli evalyasyon pwofesè yo nou pratikman pa t genyen okenn plent. Dezyèm ane a nou te relye sistèm evalyasyon pwofesè a yon ogmantasyon kat pousan nan edikasyon e nou te genyen apwobasyon preske tout moun nou kwè ke relye asistans a pèfòmans pral fè yon diferans. E genyen yon limyè espwa paske genyen lidè lokal ki reponn alapèl e Mwen ta renmen pran yon moman pou rekonèt Gwo egzekitif konte Onondaga Joanie Mahoney ak majistra Syracuse Stephanie Miner k ap travay ansanm. Yo travay ansanm pou wè si yo ka akonpli konsolidasyon e pataje sèvis yo ant konte Onondaga ak vil Syracuse. Nou swete yo siksè e nou espere lòt lidè pral swiv egzanp yo paske se egzakteman bon wout la Mèsi anpil Egzekitif Konte a epi mèsi Majistra.

Dezyèmman nou bezwen pou elimine baryè regilasyon nou tout dakò pou elimine nenpòt baryè regilasyon nou kapab ki konstitye yon obstak pou kwasans biznis yo. Nou te pale sou sa pandan plizyè ane; sena te gen odyans Asanble a te genyen odyans. An nou mete ansanm pou kreye yon komisyon konjwen an nou fè l ansanm e an nou angaje pou n sispann pale sou li e aktyèlman an nou fè li an sesyon, elimine baryè regilasyon an ki anpeche biznis yo grandi nan eta sa a.

Twazyèmman, nou te rebati enfrastrikti nou paske nou bezwen yon enfrastrikti 21yèm syèk pou nou bati sou li. Ayewopò nou yo se pòt dantre nan New York pou preske 50 milyon moun chak ane. Vis Prezidan Biden te la yè li tap pale kijan lòt peyi yo nan mond lan ap devlope ayewopò yo avèk bagay ki konplike ak swit akèy. Menm peyi nou an ap fè yon bon travay anjeneral nan mete ayewopò li yo ajou. Malerezman Eta New York te rete dèyè. Ayewopò LaGuardia klase pami ayewopò ki pi pa mal nan Etazini kwè l si w vle. Sa a se yon wont zanmi mwen e li pa akseptab e sa pral chanje Nou bezwen pou modènize JFK ak LaGuardia; nou te pale sou sa pandan twò lontan. Nou pral asime responsabilite jesyon nan port authority pou konstriksyon ayewopò JFK ak LaGuardia. Nou pral fè sa nou te fè avèk Pon Tappan Zee; nou pral pase alaksyon epi sispann pale de li. Fè gouvènman antre nan travay kòm nou pral re-devlope ayewopò sa yo fason yo te dwe devlope anpil ane de sa e rann nou fyè de pòt antre sa yo ankò.

Nou pral akselere konstriksyon enèji gwo otowout nou yo; nou toujou gen yon pwoblèm pou nou jwenn pri ba nan enèji pwòp renouvlab de sid nan nò sa ki pral koute peyè yo yon to \$600 milyon dola pa ane. Li ka pran jiska dezan kwè l si w vle pou genyen yon nouvo pwojè transmisyon apwouve e kèk nan pwojè ki pwopoze yo ap koze enkyetid nan devlope kominote lokal yo. Se pou nou ankouraje pwojè entelijan ki lokalize nan pwopriyete eta posede oswa dwa eta ki egziste deja kidonk yo pap entèfere oswa pwopaje nan kominote lokal yo e an nou ofri pwojè entelijan sa yo ak akselere pwosesis apwobasyon sa ki pral koupe tan de dezan a dis mwa si yo fè l yon fason entelijan. Se yon viktwa-viktwa pou rejyon nò ki bezwen kwasans ekonomik ak pousantaj peyè pou sid New York.

Dezyèm pati nan estrateji devlopman ekonomik nou an te yon apwòch de ba nan kolaborasyon rejyonal yo. Konsèy devlopman ekonomik rejyonal nou an ap travay, yo se fondman kalandriye travay nou, prè la se nan pouding lan epi li toupatou nan eta. An nou fè yon lòt wonn nan REDC, yon katryèm wonn paske an nou bati sou sa k ap travay nan eta sa a. E travay avèk kominote lokal yo sou yon baz rejyonal travay e nou dwe fè plis de sa. Nan ane ki sot pase a nou te lanse Start-Up New York, pa genyen anyen tankou sa nan peyi sa a. Li rann New York kote ki mwen chèn nan Etazini pou etabli yon biznis. Li pran repitasyon nou kòm taks elve ak anti-biznis e retounen a 180 degre ak pase sèlman yon pwogram. Biznis yo nan tout peyi a te deja eksprime enterè nan Start-Up New York; nou vle mennen l nan pwochen etap la e an nou kòmanse globalman demache Start-Up New York paske mwen kwè nou ka literalman fè konpayi ki soti nan lòt peyi yo vini nan eta sa a akòz de pwogram Start-Up New York epi si nou demache, sa pral rive. Nou vle òganize konferans entènasyonal nan sant Javits pou entwodui egzektif ki soti nan lòt peyi yo nan pwogram Start-Up New York ak tout byen ak bote eta sa a gen pou ofri. Mwen vle egalman rekonèt kounye a, Mr. John Mack, ki se ansyen PDG ak Prezidan Komite nan Morgan Stanley li gen yon gwo lespri finansye, li se yon lidè nan kominote biznis lan ak li te gen, John Mack te jenere nan volontarya nan eta sou kesyon finansye anjeneral men tou pou ede pwogram mache Start-Up New York ak kredibilite l se yon atou presye lè lap demanche New York ak demache Start-Up New York. An nou ba li yon gwo aplodisman, Mr. John Mack.

Twa ane de sa nou te di nou tap konsantre sou pati Nò nan New York, poukisa? Akòz ekonomi nan Nò peyi a gen yon reta non sèlman a ekonomi vil New York, pa sèlman a rès Eta New York, men li anreta nan tout peyi a. Literalman pandan yon peryòd dis ane lè peyi a tap grandi a 9% rejyon Nò New York te grandi a anviwon mwatye nan pousantaj peyi a. E sa a se yon pwoblèm franchman zanmi mwen ke nou te inyore pandan lontan e pati Nò New York epi li antre nan yon pant kap desann. Kote yo pèdi pouvwa ekonomik sa ki te koze yon egzòd nan zòn ki te pèdi pouvwa ekonomik sa ki koze pèt asistans gouvènman sa ki koze alòs plis pèt nan pouvwa ekonomik. E pati Nò New York te nan kondisyon sa pa sèlman pandan yon ane, pa pou dezan, pou dis, ven, trant ane. Sèl eksepsyon yo te remake se te franchman nan kapital distri a ak Nanoscale kote eta te fè yon kontribisyon enpòtan avèk kèk talan reyèl de Dr. Alain Kaloyeros, literalman ki te jenere tout yon endistri, men li montre sa eta te kapab fè lè eta te investi men eta a, san konte kapital distri a nan anpil fason bliye rès pati nò New York e nou te di nou ta pral chanje sa ak ranvèsè l e nou te fè sa e li deja ap peye enterè e nou vle fè li ankò e nou vle kòmanse l avèk taks yo.

An nou ale nan manifakti ki nan rejyon nò yo paske nou bezwen travay manifakti yo nan rejyon nò New York epi an nou koupe taks pou antrepriz yo nan rejyon nò a a zewo nan tout rejyon nò New York, Poukisa, paske ou pa kapab depase zewo zanmi mwen e li se yon konpetisyon nou te pran efò touris nou yo nan yon nouvo nivo, jiska prezan nou te investi \$40 milyon dola nan kanpay piblisite nou an. E investisman nou an pote fwi; depans touris ogmante ane an ane; \$4 bilyon dola ke ou kwè sa ou non. Li se de fwa to kwasans nasyonal ogmantasyon djòb touris pa 25,000 ki se egalman de fwa pousantaj kwasans nasyonal la. Nou vle redouble efò touris nou yo nou bezwen aktivite nan rejyon nò New York. E nan rejyon nò New York se wè pou kwè. Si yo vizite, y ap vin vizite ankò, si yo vizite yap renmen l, se sèlman yon kesyon pou ekspoze paske yon fwa yo vini, yo branche.

Nou pwopoze yon gichè otorizasyon lisans inik yon nouvo lisans avanti eta New York pou ede pwomote touris. Kote ou kapab ale nan yon pòtay, depatman motè veyikil e ou ka aplike pou tout lisans yo e yo pral literalman prezante nan lisans chofè w la olye ke ou genyen pou fè fas avèk anpil ajans e kenbe anpil papye. Sa a se te komisè nou an pou Depatman Motè Veyikil Barbra Fiala k ap fè yon bon travay; se yon plezi pou nou rekonèt li. Mwen pa t konnen si Barbra se te yon trapè ak yon zam ki chaje toutfwa menm pi bon pase sa. An nou ba li yon aplodisman. Sou demann sa a eta pral ouvè senkant tè eta posede ki te deja fèmen kidonk pral genyen plis opòtinite pou lachas, lapèch, ak bato pou toulède moun ki nan eta ak touris yo ki soti andeyò eta.

Nou pral lanse yon nouvo kanpay afichaj sou wout nou yo, pwomote byen New York yo, te òganize nan twa kanpay. Chemen atravè kanpay istwa, kanpay atraksyon I love New York ak gou manje ak bwason New York yo. Ou pral wè siy sa yo sou wout yo literalman nan jou kap vini yo. Kanpay sa yo relye sou entènèt a tout atraksyon sa yo nan domèn sa a anpatikilye, nan tout vwa eksprès ak gwo otowout yo. Objektif la se pou fè moun ki sou wout yo ak nan kominote yo ankouraje ak pwomote ekonomi an nan eta New York.

Ane pase Mwen te envite kèk nan nou pou patisipe nan defi Adirondack nan diskou sa a, nan moman sa a. Pifò nan nou te aksepte defi a. Nou te gen mesye yo, ki te vini fyèman. NOU te genyen moun ki pi difisil yo ki te vini. Nou te genyen Butch Cassidy ak timoun Sundance yo ki te fè aktyèlman yon aparans vizitè. Nou te genyen kannòt Thelma ak Louis, sa ki te gen konkirans anpil. Nou te gen etranj koup kannot e nou te genyen kannòt sitaden vi la. Nou te gen ti vwalye mèt yo, oswa omwen moun ki te panse yo te mèt nan kannòt yo. Sa a se lawont Larry. Men de moun enpòtan te manke e nou te mete tout pwèn yo sou yon bilten paske nou te enkyete lè yo pa t la. Nou espere pou yo la, nou te espere ke yo te kapab la. Nou te asire ke yo tap la toutfwa lè yo pat la nou te enkyete anpil epi nou te fè sa nou te sipoze fè. Apre sa nou te vin kontan lè nou te reyalize ke yo te oke nan yon nouvo espri bi-patizan ak koperasyon e mennen nan nouvo somè. Prezidan Sheldon Silver ak Lidè Sena Dean Skelos, depi nou konnen ke yon bagay prezan te dwe fèt paske yo pa tap senpleman yon kout chans manke yon konpetisyon presan, n ap ba yo yon dezyèm chans ak defi yon dezyèm chans anse sa a se bas mèt klasik la. Se defi Gouvènè a, se 21 out, li pral òganize nan Owasko Lake. Mwen yon fwa ankò espere ke Dean Skelos ak Sheldon Silver ak Jeff Klein la pou konpetisyon an li pral yon bon espò men mwen espere ke yo la epi nou tout envite. An nou gen kèk amizman ak pwomte kèk touris. Ma wè nou la.

Plan kazino nou an deja ap jenere gwo enterè nou te di nou kwè ke li tap fèt epi li fèt, Defi nou kounye a se pou fè kazino yo yon reyalyte fè l rive, fè l rive vit e fè l rive kòrèkteman plan aktyèl nou se pou mas 2014 pou REP soti deyò, òf yo se nan mwa jen e nou espere fè chwa yo nan kòmansman Otòn. Kazino a pral kontwòle pa Komisyon jwèt ak Prezidan Komisyon jwèt la, ki se yon moun mwen te nome, se pral Mr. Mark Gearan ki se prezidan Kolèj Hobart ak William Smith. Li se yon gran inivèsite, li se ansyen direktè Kò Lapè. Li se yon modèl angajman sivik li te fè yon bon travay nan inivèsite a e se yon plezi pou m genyen l avèk mwen e mwen remèsye l paske li pran tan pou obligasyon enpòtan sa a. Mesye. Mark Gearan, Mèsi anpil.

Investisman sib nou nan patenarya piblik ak prive ap travay nou vle kenbe elan sa avèk yon dezyèm wonn nan somè yogurt la, somè bwason ak diven ak byè rejyonal, somè touris, chemen an atravè somè istwa. Nou vle ajoute ane sa a yon somè, yon somè agrikilti pou ede konekte pwodikti nan Nò yo avèk konsomatè nan sid yo. Mwen kwè se yon mache ki enteresan anpil ki te kapab devlope e nou vle fè sa ki pi byen.

Bilyon Buffalo ap travay li reyèlman ap travay pi byen e Mwen panse ke nenpòt moun te ka imajine nou vle pran pwochen etap la ak sant medsin jenomik nan lwès New York. Medsin jenomik se pwochen fwontyè nan medsin modèn e nou kwè nou ka mennen wout la. Nou vle kreye yon rezo patenarya medsin jenomik pami UB ak koridò medikal la, CNSCIT, sant Jenomik vil New York. Lap kreye plizyè sentèn travay ak yon nouvo endistri entyèman pou pati lwès New York kidonk an nou kòmanse ladan. Nan rejyon nò peyi a pwopozisyon wout 98 la ta ka redwi tan vwayaj ak ogmante komès, an nou wè si nou ka fè l vini yon reyalyite, nou t ap pale de li pandan lontan. An nou fè DOT pou pran etid la epi an nou gade si nou ka fè pwojè sa tounen reyalyite. Sa a se aksan nou sou pati nò New York; ou ka wè si li konpreyansif pou kredi taks a touris a kazino a investisman ki sible yo ak wout 98. Sa a te yon priyorite enpòtan lap peye enterè e nap kontinye fè l avanse.

Men keseswa se nan nò oswa sid, pi bon estrateji devlopman ekonomik la se pou genyen pi bon sistèm edikasyon nan mond lan, peryòd la ki se objektif nou. Nou nan mitan yon re-envansyon edikasyon. Ranplase biwokrasi 1950 yo avèk yon òganizasyon pèfòmans 2020, nou te fòme nouvo komisyon refòm edikasyon New York ki dirije pa Dick Parsons, yo te fè travay ekstraòdonè; yo te mande pou yon jounen lekòl Pre-K pwolonje konplè ak pou peye sou pèfòmans. Pwochen etap la kounye a nan vwayaj nou an se re-envante salklas nou yo avèk nouvo teknoloji. Nou dwe transfòme salklas nou yo de salklas yè yo a salklas demen yo. Espesyalis yo te di ke teknoloji ta ka yon bon egalizatè, yo te di ke otowout enfòmasyon an ta ka yon demokratizè nan edikasyon e sa kòrèk e yo gen rezon. Si w sou otowout enfòmasyon an, men si w pa nan otowout enfòmasyon an sa ta ka kite w dèyè a 100 kilomèt pou chak èdtan. E gen yon gwo diferans nan edikasyon, nan kèk lekòl gen timoun ki sou entènèt. Gen kèk lekòl ki pa menm gen yon filè baskètbòl. Gen kèk lekòl ki genyen nouvo sistèm òdinatè sofistike nan klas premyè ane. Gen kèk lekòl ki gen pati nan ekipman elektwonik ki pi sofistike yo se detektè metal ke wap mache sou li nan antre salklas la epi sa tou senpleman pa bon nan eta New York.

Nou ka fè pi bon pase sa, nou pral fè pi bon pase sa, an nou investi nan lavni, an nou re-imagine salklas nou yo pou pwochen jenerasyon an, an nou genyen salklas ki pi entelijan nan peyi a paske pase sa ki pi bon. An nou ale kote moun yo nan eta sa a, an nou fonsè, an nou ale bò kote yo nan Novanm avèk yon angajman referandòm avèk yon inisyativ pou lekòl entelijan yo an nou investi \$2 bilyon nan bay teknoloji demen an jodia pou bay salklas nou yo rapidite. Kisa nouvo teknoloji sa vle di, li vle di ke chak timoun aprann nan pwòp ritm yo. Elèv yo jwenn konpetans yo bezwen an pou yo reyisi nan ekonomi 21yèm syèk la, yo gen aksè a salklas avanse, paran ak pwofesè ka kominike e pwofesè yo ka gen aksè a asistans ak fòmasyon yo bezwen an. Li pa pral tankou devlope biwokrasi, li pral sèlman sou ede elèv yo. Li pral itilize pou ekipman tankou òdinatè pòtab, òdinatè biwo, tablèt, amelyorasyon enfrastrikti ak gwo vitès. Pral genyen elijibilite estrik pou itilizasyon finansman yo e chak distri dwe soumèt yon plan teknoloji pou apwobasyon pa eta. E pandan nap refè salklas yo pou demen, nou dwe angaje jèn lespri yo

Haitian Creole

pi bonè ke posib. Nan 2013 nan Eta a Eta, nou te mande pou jounen lekòl konplè Pre-K. Asanble a te kanpe lontan pandan menm bagay la. Li lè pou Eta New York gen yon jounen konplè inivèsèl Pre-K nan tout eta.

Bon jan kalite pwofesè yo se poto mitan sistèm edikasyon nou an e a nou rekonèt ak akeyi mèt anseyan nou an Abbey Albright ki fè entwodiksyon an epi ki la jodia, mèsì ankò Abbey. Nou pral kontinye transfòmasyon sistèm nou an ak rekonpanse pèfòmans nan kreye yon fond ekselans pou pwofesè. Sa a pral premye pwogram pèfòmans pou pwofesè nan tout eta ki pral aktyèlman rekonpanse pèfòmans pou pwofesè ak bay rekonpans pou pwofesè yo ki travay byen. Pwofesè yo ki konsidere trè efikas sou evalyasyon yo, sa ki pi gwo klasman nan tout eta, ta kalifye pou resevwa \$20,000 kòm yon bonis, nan pèfòmans peman, sa ki yon mwayèn 27% nan salè yo. Ou vle pwofesè ki ka pèfòme e ki pèfòme? Lè sa a ankouraje pèfòmans avèk yon bonis pèfòmans e peye yo tankou pwofesyonèl yo ye.

Lè li rive nan piwo edikasyon pwogram SUNY 2020 ak CUNY 2020 re-estisman ak pwogram kapital ap travay, nou vle kontinye yo pou yon dezyèm wonn avni ekonomi an se nan djòb STEM, nou ta dwe rekonpanse sistèm edikasyon nou an pou konble ouvèti sa yo nou vle bay premye di pousan diplome yo bousdetid konplè a nenpòt lekòl SUNY oswa CUNY si yo pouswiv yon karyè nan matematik syans e dakò pou travay nan eta New York pou senk ane.

Aprè gwo tanpèt Sandy, Irene ak Lee, eta New York kòm nou konnen ap fè fas a yon reyalite diferan, nou te genyen plis tanpèt ane sa a nan pati santral eta ak pou gouvènman ofisyèl yo li se yon nouvo defi entyèman. Egzekitif Konte, Gouvènè, Majistra te abitye fè fas avèk pwoblèm vil yo ak eta men sa, sa se reyèlman yon defi ke okenn moun pa ka vrèman fin prepare pou sa. Erezman nou te eli ofisyèl ekstraòdinè yo nan eta New York e nou te genyen Egzekitif Konte ekstraòdinè mwen te gen plezi pou travay avèk yo pandan tanpèt sa yo e mwen ta renmen nan tan sa rekonèt Egzekitif Konte Suffolk, Egzekitif Konte Nassau, Egzekitif Ed Mangano, Egzekitif Konte Oneida Anthony Picente paske yo te reyèlman travay san souf ak fè travay ekstraòdinè pou moun nan konte yo a, mèsì mesye yo.

Aprè sa nou sot pase a nou literalman gen pou re-imagine New York paske tout règleman yo tout teyori yo deyò nan fenèt epi kounye se atravè eksperyans yo, re-imagine fason New York ta dwe ye. Akòz de kondisyon meteyolojik ekstrèm yo nan anpil fason chanje tout bagay. Premyèman nou te kòmanse nan enstale sistèm deteksyon ki pi avanse nan peyi a la nan eta New York akòz de deteksyon bonè pral literalman sove lavi epi nou pa te resevwa enfòmasyon kòrèk la atan. Eta a pral anbake nan mete aparèy deteksyon tanperati ki pi sofistike ki pa t janm enstale nan yon eta. Nou pral etabli premye kolèj dijans ak preparasyon nan peyi a ak homeland sekirite. Kwè l sou vle pa gen jan de kolèj sa, gen kolèj ki ofri kou nan zòn lan men nou pral etabli premye kolèj peyi a ki angaje sèlman nan preparasyon pou ijans ak homeland sekirite paske mwen kwè se yon domèn ki pral sèlman grandi. Malerezman, li pral sèlman vin pi mal e nou vle kolèj sa la nan eta New York pou fòme moun nou yo ak fòme lòt moun nan tout peyi a. Nou te rekrute Ray Kelly pou li yon konseye espesyal nan Eta a pou mete lekòl yo kanpe. Ray Kelly gen yon eksperyans fenomenal nan konbat teroris ak homeland sekirite, e nou onore paske nou genyen l.

Nou pral kreye yon kò repondè sitwayen pou fòmè pwòp sitwayen yo. Nou vle fòmè 100,000 sitwayen nan eta New York nan fen ane a kidonk moun yo konnen kijan pou bay sèvis nan pwòp kay yo pou pwòp fanmi yo e apresya yo ka itil nan pwòp blòk yo ak nan pwòp kominote yo.

Nou dwe totalman kenbe sistèm transpò nou an. Lè nou te bati sistèm transpò vil New York la nou pat anvizaje inondasyon ki te kapab konble sistèm tren an. Tinèl yo ouvè, tout antre tren yo ouvè, e nan yon sityasyon tankou Sandy ki te senpleman kreye gwo inondasyon. Kounye a nou gen pou re-imaginer sistèm tren an kote nou ka fèmen tout ouvèti sa yo, e nou prale nan direksyon sa avèk yon plan masif \$5 bilyon dola. Imaj sa se yon bouchon gonflab eksperimental ki gonfle pou branche yon tinèl metro pou kenbe dlo a deyò. Nou pral ouvè nouvo pwent pou ray tren Metro-North pou bay plis rezistans ak aksè dirèk a Penn Station, sa ki pral an menm tan bati kat nouvo estasyon pou pote opsyon transpò nan Bronx.

Nou pral repare ak ranplase plis pase 100 pon nan rejyon nò New York avèk nouvo pon modèn ki deziyen pou kenbe entegrite estrikti yo, teni kont de inondasyon ke n'ap fè fas. Totalite pwogram rekonstriksyon nou an plis pase 100,000 pwojè ki koute plis pase \$16 bilyon dola. Sa a se pi gwo pwogram rekonstriksyon eta pa janm fè, kwè l ou non. Epi se grasa patnè federal nou yo, se grasa delegasyon kongrè a ki te ede nou jwenn \$60 bilyon anplis apre siklòn Sandy, kidonk nou gen lajan pou nou fè l. Epi se grasa yon gason ekstraòdinè; yon New Yorkè ekstraòdinè ki se Sekretè HUD, men li se te yon New Yorkè anvan; epi li te yon gwo patnè pou New York. Li se moun ki te kondwi enstitisyon gwoup travay gouvènman federal yo e li la avèk nou; an nou ba li yon aplodisman pou n remèsye Shaun Donovan pou patenarya l.

Men, zanmi mwen yo, menm avèk tout sa nou gen plis bagay pou nou fè toujou. Nou dwe fè New York pi ansante. Rechèch yo sijere ke marijuana medikal ka ede soulaje doulè ak tretman pou kansè ak lòt maladi grav yo. 20 eta te kòmanse itilize l. Nou pral etabli yon pwogram kap pèmèt jiska 20 lopital pou preskri marijuana medikal, e nou pral kontwole pwogram lan pou evalye efikasite ak posibilite de yon sistèm marijuana medikal.

New York vle di tou jistis pou tout moun. Gouvènè Paterson te ogmante kontra MWBE a 10% - objektif pou kontra MWBE a, e nou aplodi l pou sa. Nan 2011 nou te fikse objektif anbisyè MWBE, ki double sa a 20% Mwen kontan pou m di nou ke aktyèlman ke nou te depase l ane sa a, epi nou te depase objektif la a 20%. Ane sa a nou pral konsantre nan sètifye plis konpayi, plis konpayi MWBE kidonk nou ka menm kreye plis travay. Gen lòt New Yorkè ke nou ka ede nan fason sa a. Veteran ki andikape yo te montre nou lwayote; nou dwe montre yo lwayote nou tou. An nou fikse yon objektif de 5% nan atribisyon kontra eta yo pou moun ki andikape yo, ti biznis ke veteran yo posede. Nou pral òganize yon somè prentan sa a pou jwenn fason pou fè objektif sa a yon reyalite.

Pwogram travay New York Youth ke nou te kòmanse ane pase a te ede 13,000 jèn nan sant vil la jwenn travay. Malerezman, to chomaj la toujou a 40% pou jèn yo nan sant vil la. Gen plis bagay pou fè toujou, nou vle etann pwogram travay New York Youth la, pwolonje kantite tan kredi taks pou biznis yo kreye plis travay ak bay fòmasyon travay atravè yon pwogram lyezon travay. An nou fè jèn sa yo travay, an nou ba yo yon avni.

Haitian Creole

Lojman abòdab se yon kriz. Sanzabri ap grandi. Nou pral ogmante angajman nou nan envesti yon \$100 milyon dola adisyonèl nan bati lojman abòdab. Peyi sa a te fikse nan 1949 kòm yon objektif, yon kay desan ak yon anviwonman lojman apwopriye pou chak fanmi Ameriken yo. Sa se te nan ane 1949. Li potko janm vini yon reyalite. Nan 2014 chak New Yorkè merite yon kay ki pwòp, desan, ansekirite pou yo viv, e an nou fè li yon priyorite pou gouvènman eta a nan mete \$100 milyon adisyonèl nan lojman abòdab.

Nou genyen bòn nouvèl nan domèn jistis kriminel la. Bòn nouvèl la sèke nivo krim bese e prizon nou yo gen mwens moun ladan yo. N ap redwi foli nan yon sosyete anprizonman ak fini avèk yon sistèm gaspiyaj imen ak finansye ki pa nesèsè. E kounye a nou te elimine 5,500 kabann prizon. Wi, ou ta dwe aplodi pou sa. Move nouvèl la sè ke gen yon pòt ki ouvè kote 40 pousan moun ki te lage nan prizon yo vin retounen nan prizon ankò. Nou bezwen pou bay sipò ak sèvis pou yo re-rantre tankou fòmasyon travay ak aksè a sèvis kle yo pou fasilite tranzisyon sa nan sosyete jeneral la. Redwi residivis vle di mwens krim, sa vle di kominote ki pi ansekirite, li vle di mwens dola moun ki peye taks yo ap depanse nan prizon. An nou fèmen pòt ki ouvè a yon fwa pou tout: an nou kreye yon konsèy pou re-rantre k ap rasanble ansanm tout resous eta ak kowòdone yo kidonk nou ka rann tranzisyon sa yo efikas ak dirab.

Lwa jistis jivenil nou an te demode. Anba lwa eta New York, timoun ki gen laj 16 ak 17 ane kapab jije ak akize tankou adilt. Se sèlman yon lòt eta nan peyi a ki fè sa; se eta North Carolina. Li pa kòrèk, li pa jis—nou dwe ogmante laj la. An nou fòme yon komisyon sou jistis ak sekirite piblik jèn epi an nou fè l ane sa a.

Ane pase nou te pwopoze yon lwa ajenda dis pwen sou egalite pou fi yo. Poukisa? Paske diskriminasyon kont fi yo toujou egziste. Depi ane pase, anyen pa t chnaje. Diskriminasyon kont fi yo toujou egziste. Se te jis yon lòt ane lè gouvènman te neglije pou aji nan non fi yo. Sispann jwe politik avèk dwa fi yo epi pase lwa sou egalite fi yo ane sa a.

47,000 chofè ki genyen twa oswa plis kondanasyon paske y ap kondwi sou enfliyans alkòl toujou ap kondwi nan lari a. Panse a sa pandan wap kondwi retounen lakay ou aswè a. Li ridikil. An nou chanje lwa a; nenpòt moun ki kondane paske li tap kondwi sou enfliyans alkòl de fwa pandan twazan, li dwe pèdi lisans li pou senkan; twa fwa yo kenbe ou ou fini e ou pa p kondwi nan lari a ankò, pwen final.

Gen yon ansyen ekspresyon Italyen ki di nou vin granmoun twò vit e nou vin entelijan twò ta. Pou jèn chofè yo, yon telefòn mobil kapab pi danjere ke yon boutèy alkòl. Pou chofè adolesan yo, tèks pandan yap kondwi kreye plis aksidan fatal pase bwè alkòl pandan yap kondwi. Kwè m si w vle 77% nan jèn adilt yo di ke yo kapab tèks epi kondwi ansekirite. Yo gen tò. An nou kontinye dekouraje yo nan tèks pandan yap kondwi. Si nou jwenn yon adolesan kap tèks pandan lap kondwi, yo dwe pèdi lisans yo pou yon lane. An nou kite yo aprann lesan sa. Yo se pitit fi ak gason nou an nou sove lavi. Mwen ta renmen kounye a rekonèt Ben Lieberman ak fanmi li. Ben ak fanmi l te pèdi Evan, yon jèn 19 lane ki te mouri nan yon aksidan machin pandan lòt moun nan tap tèks pandan lap kondwi. Yo te andire lapèn epi yo te tounen l nan yon bagay pozitif lè yo vin akoka farouch pou chanje lwa sa yo ak enfòmè adolesan yo. Li tap plede toupatou nan eta ak nan peyi a, an nou bat bravo pou Ben Lieberman.

Ane pase mwen te nome yon komisyon Moreland pou envestige sou koripsyon piblik. Gen yon dezakò konsènan bezwen pou plis refòm etik. Mwen konprann sa. Agiman pa kèk manm nan lejislati a sèke nou te kreye JCOPE e sa ta dwe rezoud pwoblèm lan. Men te genyen yon seri move aksyon, ki te fèt preske chak jou. Ouvè yon jounal, menm jodia, e ou pral wè plis ak plis istwa de lejislasyon endividyèl ki te komèt move zak. E sa reflekte negativman sou nou tout, paske moun pa fè distenksyon. Se yon manm asanble, se yon senatè, se yon demokrat, se yon repibliken—se jis yon politisyen. Se jis yon politisyen k ap travay nan gouvènman eta. Se sa sèlman yo tandè e se sa sèlman yo konnen. Epi li reflekte sou nou tout. ‘Mwen pat fè sa epi se pa pwoblèm mwen,’ – non, se yon pwoblèm pou nou tout e sa ale nan esans menm de sa nou tout ap eseye fè a. Refòm etik se rekonèt yon pwoblèm epi se rekonèt ke nou bezwen fikse sistèm lan. Refòm etik lan di a moun yo nan eta: ‘wi, mwen te wè atik la tou, epi li banm pwoblèm e li twouble m, e nou pral pase yon refòm etik paske nou pral chanje sistèm lan. Paske nou konprann enkyetid ou sa sanble gen yon abitud de sitiyasyon move aksyon sa yo kap repete.’ Se sa refòm etik ye. Se poutèt sa mwen tap plede pou refòm etik ane pase, e se poutèt sa m ap plede pou refòm etik ane sa a. Mwen pwopoze nouvo lwa sou achte favè ak koripsyon, finansman piblik eleksyon, ranfòsman endepandan nan komite eleksyon yo, ak divilgasyon kliyan eksteryè ki gen biznis devan eta.

Men mwen kwè nou dwe aji. Poukisa? Paske lè gouvènman gen konfyans piblik la, gouvènman gen kapasite pou l fè bon travay. Kèk moun te sijere ke Komisyon Moreland lan oswa refòm etik la sijere ke Mwen pa kwè nan lejislati a. Li fè egzakteman lekòtrè. Mwen kwè nan lejislati a. Mwen kwè nan sa. Mwen kwè nan nou. Mwen kwè nan eta gouvènman New York. Mwen kwè nan kapasite nou, e mwen pa vle wè l limite. Gouvènman an limite pa mank konfyans, e si gen plis konfyans, gen plis kapasite. Sa a se travay. Nou wè tout estatistik pwogrè eta. Nou te fè sa nou te di nou tap fè a. Nou te vire direksyon eta. Nou te balanse bidjè, nou te travay ansanm, nou te mete politik akote. Nou vini nan chanm lan e nou pa ni demokrat ni repibliken – nou se New Yorkè epi n ap travay pou New York. Sa a se travay epi nou te akonpli gwo bagay e mwen ta renmen wè nou fè ankò plis bagay ansanm. Mwen kwè ke plis konfyans nou genyen nan piblik la, se plis bagay nou ka fè ankò. Mwen kwè se tankou gaz pou yon fize. Si nou gen konfyans pèp la e yap gade nou k ap pèfòmè e yo wè eta sa prale delavan kidonk pa gen anyen nou pa ka fè. Mwen pa vle wè okenn limit lè nou gen yon kantite bagay pou nou fè. Gade ajenda nou detaye jodia. Nou gen pou nou rebati tout eta apre Sandy ak Irene ak Lee, avèk yon tout nouvo vizyon ak rezistans ak relanse. Nou pral envesti nan lekòl nou yo jan nou pa t janm fè anvan. Nou pral remete ekonomi an sou pye ankò; nou pral refòmè kòd taks la. Anpil bon travay, men nou bezwen piblik la avèk nou bezwen pou piblik la fè nou konfyans e pou yo kwè nan nou, e se sa refòm etik la ye.

Dènye pwèn mwen se sou sa. Kèk semèn de sa, Mwen te jwenn yon sitiyasyon ki te vrèman twoublan. E te gen yon atik nan jounal sou yon lekòl segondè nan Pine Bush, New York. E atik la te di ke yon gwoup paran Jwif ki te akize lekòl la paske pitit yo te viktim de diskriminasyon kont jwif. Senbòl tankou pati Nazi Alman te desine nan lekòl la, remake kont jwif, voye lajan sou timoun yo ak fè deklarasyon lèd, ak kriyèl. Sa te pase nan yon lekòl segondè. Men vreman, twouble, aksyon ak sitiyasyon twouble. Mwen te li atik la e mwen te rele depatman edikasyon eta, e okenn moun pa t okouran de sa. Mwen te rele divizyon pou dwa imen e yo pat okouran de sa. Mwen te rele polis eta, e yo pat okouran de sa. Malgre fè a lè atik la te ekri, plent federal la te deja depoze yon ane anvan epi te gen plent ki tap fèt pandan senk ane, epi pa t gen okenn moun ki te okouran de sa.

Haitian Creole

Mwen vle pwopoze yon lwa ki senp anpil ki prale nan fondman sa nou ye. Si yon ofisyèl lekòl nan eta New York okouran de yon abitud diskriminasyon rasyal oswa relijye oswa arasman ofisyèl eta sa gen yon obligasyon afimatif pou l enfòmè depatman edikasyon eta ak lapolis, oswa ofisyèl eta sa a ap sispann yon ofisyèl eta a, paske se pa sa nou ye e se pa konsa nou fonksyone.

Pandan nap kite la jodia, an nou rebran angajman epi an nou sonje kisa ki fè New York espesyal ak kisa ki fè nou espesyal kòm New Yorkè. Se pa bilding yo ki New York, se pa tè a ki New York— sa ki fè New York espesyal kona se moun ak fason nou trete youn lòt. E se fason sa nou trete youn lòt, e se sa nou genyen la e se sa nou genyen la. E se fason nou santi nou e se sa nou kwè. E sa se prensip ki fè eta a yon gran eta li te nan premye plas. E se poutèt sa sitiyaasyon Bush Pine lan twouble m anpil, paske eta sa fè yon deklarasyon ki klè ak fò anpil. Eta sa a di a tout mond lan: ‘nou ouvri pou biznis e nou akeyi tout moun isit la nan gran eta New York sa.’ Sa se estati Libète ki nan rad la. Vini, vini nou tout, nou pa enterese a koulè po w oswa relijyon ou oswa kantite lajan ou gen nan pòch ou; vini nan New York e n ap swete w byenveni nap travay avèk ou e nap envite w nan fanmi New York la. Pandan ke lòt eta yo di ke nou pè divèsite; pandan lòt eta yo ap mete kloti; nou di ke nou kontan avèk divèsite. Nou akeyi divèsite. Divèsite se sa ki fè nou, e nou kwè nou ka pran divèsite sa e nou ka pran diferans sa yo e nou ka fè youn nan tout diferans sa yo. Nou kwè nou ka fòje kominote de moun ke nou akeyi isit la. Konsèp kominote a se ‘Nou tout ladann ansanm’ – gen yon kòd ki konekte youn a lòt e kòd sa tise yon fabrik, e lè youn nan nou fè pwogrè nou tout fè pwogrè e lè youn nan nou tonbe nou tout tonbe, paske nou fè pati yon kominote epi nou fè pati de yonsèl fabrik. Se sa ki fè New York gran e se sa k ap kontinye fè New York gran. Nan fen jounen an, nou se yonsèl. Nou se nò, nou se sid, men nou se yonsèl. Nou se latino, nou se Afriken Ameriken men nou se yonsèl. Nou se vil New York e nou se Buffalo, men nou se yonsèl. Nou se Demokrat ak Repibliken men nou se yonsèl. Sa a se pwomès gran eta sa a. Sa se E Pluribus Unum, pami plizyè: yonsèl. Se prensip fondamantal, pwomès dirab. Sa se pwomès nou te eritye de paran nou, ak pwomès New York ke nou pral pase bay pitit nou yo. Pwomès la, zanmi m ke nou pral fè yon reyalite nan gran eta sa a travay ansanm. Mèsi e Bondye beni an nou pase yon bon ane 2014.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418